



Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 41 MILYON DOLA TE APWOUVE POU SISTÈM DLO PWÒP AK PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO POTAB LOKAL NAN TOUT ETA A

*Vant Obligasyon yo pwopoze a bay yon total 879 milyon dola te apwouve pou finanse pwojè nan Vil New York epi fè ekonomi yon estimasyon 18 milyon dola pou kontribyab yo lè ri refinanse divès pwojè*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, Konsèy Administrasyon Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal yo (Environmental Facilities Corporation, EFC) te apwouve 41 milyon finansman ki enkli prè nan enterè ki ba ak sibvansyon yo te deja bay, k ap pèmèt benefisyè yo gen aksè nan prè ak sibvansyon sa yo epi fè pwojè dlo ak egou yo vanse.

Konsèy la te apwouve yon finansman obligasyon ki gen efè levye 879 milya dola pou bay kapital pou plizyè pwojè dlo ize ak dlo potab pou Otorite Minisipal pou Finansman Dlo Vil New York la (New York City Municipal Water Finance Authority, NYCMWFA) epi pou finanse kèk nan obligasyon anvan yo. Refinanse vant obligasyon yo bay ekonomi anplis pou patnè minisipal EFC yo nan refinanse obligasyon orijinal yo ki te finanse pwojè yo nan yon to enterè ki ankò pi ba. Tranzaksyon an estime fè ekonomi 18 milyon dola pou kontribyab Vil New York yo pou 10 ane k ap vini yo.

"Eta New York fèm nan angajman nou pou bay kominate yo resous ki nesesè pou fè modènizasyon nan sistèm dlo ak egou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwojè enpòtan sa yo ap ede pwoteje sante ak sekrite rezidan yo, anviwònman an, ak kalite lavi pandan n ap travay ansanm pou ede rezidan nan chak kwen eta a gen aksè nan dlo ki sen, pwòp ak sèvis egou ki fyab."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal la, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Anons jodi a mete aksan sou apwòch aktif EFC a pou maksimize resous yo epi ogmante lajan pou envestisman nan enfrastrikti dlo. Refinansman obligasyon yo fè Fon Renouvlab Eta New York yo kèk nan pi efisyen epi efikas nan peyi a. Tranzaksyon an ap libere kapital pou sipòte plis pwojè enfrastrikti pandan l ap bay soulajman nan to enterè pou youn nan pi gwo pretè nou yo. Angajman Gouvènè Hochul nan dlo pwòp te demontre yon lòt fwa ankò nan Bidjè Egzekitif li a avèk finansman san presedan eta a pou enfrastrikti dlo pwòp. Nou dwe asire tou ke nou konsève Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la (Clean Water State Revolving Funds,

CWSRF) ke eta a resevwa. Se poutèt sa li enpòtan pou patnè minisipal nou yo patisce nan Ankèt sou Bezwèn Basen Vèsan Idwolik Pwòp la (Clean Watersheds Needs Survey, CWNS) k ap ouvri lòt mwa a."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (DEC) ak Prezidan Konsèy EFC, Basil Seggos, te deklare**, "Gouvènè Hochul rekonèt defi minisipalite yo fè fas pou gen aksè nan resous pou fè amelyorasyon ki nesesè nan enfrastrikti dlo lokal. Eta New York ap fè envestisman jenerasyonèl pou ede kominote atravè eta a abòde bezwen alontèm pou mete modèdinze epi amelyore enfrastrikti dlo k ap vyeyi yo. Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp ak Dlo Potab la (Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF) ak sibvansyon yo apwouve atravè Lwa pou Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik la (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA), bay minisipalite yo finansman ki nesesè pou konplete pwojè enpòtan sa yo ki pwoteje sante publik la ak anviwònman an."

**Komisè Sante Eta New York la Doktè Mary T. Bassett, te deklare**, "Angajman fiskal enpòtan New York pou amelyore kalite dlo sous ak dlo potab nan tout eta a demontre nan pwojè dlo ize ak dlo potab ki finanse jodi a. Enpak modènizasyon ki nesesè sa yo ap mezire nan sante publik la an jeneral pou ane k ap vini yo, epi mwen ankouraje kominote ki kalifye yo pou pwofite de asistans sa."

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la ("CWSRF") ak Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab ("DWSRF") ak sibvansyon ki fè pati pwogram Lwa pou Amelyorasyon Enfrastrikti Idwolik (WIIA) a. Vizite [sitwèb](#) EFC a pou aprann plis sou opòtinite finansman enfrastrikti dlo.

Patisipasyon minisipal nan Ankèt sou Bezwèn Basen Vèsan Idwolik Pwòp (CWNS) Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal la (Environmental Protection Agency, EPA) k ap demare nan mwa mas la enpòtan anpil paske li gen enpak sou kijan anpil finansman federal CWSRF ap afekte nan Eta New York pou finanse pwojè enfrastrikti dlo pwòp yo alavni. Y ap mande minisipalite yo pou soumèt dokimantasyon bay EFC a sou bezwen enfrastrikti basen vèsan kominote yo pou yo soumèt bay EPA.

Finansman Pwojè Dlo Pwòp yo apwouve:

- Vilaj Lès Syracuse nan Konte Onondaga - 87,156 dola sibvansyon WIIA ak 1,009,052 dola finansman alontèm, san enterè pou dezyèm faz yon pwojè koreksyon enfiltresyon/afliyans ak diminisyon risk devèsman egou sanitè.
- Vil Franklinville nan Konte Cattaraugus - finansman 5,050,000 dola alontèm, san enterè, pou enstalasyon trètman dlo ize ak amelyorasyon sistèm koleksyon.
- Otorite Minisipal Finansman Dlo Vil New York (New York City Municipal Water Finance Authority) - 284,783,326 finansman alontèm ki gen efè levye pou fè konsepsyon epi konstui divès devèsman egou, sistèm koleksyon dlo ize, ak pwojè amelyorasyon izin trètman.
- Konte Suffolk - 4,644,642 dola sibvansyon WIIA ak 3,400,000 dola finansman akoutèm nan to mache a pou planifye, fè konsepsyon epi jere konstriksyon

Inisyativ Rezilyans Kotyè Konte Suffolk pou pasèl egou k ap itilize sistèm sou plas yo aktyèlman nan basen vèsan Rivyè Carlls ak Rivyè Forge yo.

- Villaj Troy nan Konte Rensselaer - 1,825,000 dola sibvansyon CWSRF ak 6,179,184 dola finansman akoutèm, san enterè pou fè konsepsyon ak konstriksyon pwojè rediksyon debòdman egou nan vil la, ak pou sipòte Plan Kontwòl Alontèm Devèsman Egou Konbine.
- Vil Williamsville nan Konte Erie - 1,612,500 dola sibvansyon WIIA pou amelyorasyon sitèm koleksyon egou.
- Vilaj Yorkshire nan Konte Cattaraugus - 1,285,000 dola sibvansyon WIIA, 963,750 dola finansman akoutèm, san enterè ak 2,891,250 finansman akoutèm, nan to mache a pou planifye, fè konsepsyon epi konstui Kwen Egou distri Yorkshire.

Finansman Pwojè Dlo Potab yo apwouve:

- Vilaj Cairo nan Konte Greene – 1,607,457 milyon dola finansman alontèm, san enterè pou devlope plis kapasite sous dlo, amelyore sit Park Well la ak tank estokaj fini ki egziste a, modènize sistèm distribisyon ak enstalasyon nouvo kontè dlo ak ekipman lekti kontè a.
- Vilaj Waverly nan Konte Orange - 2,311,680 dola sibvansyon WIIA ak 711,329 finansman akoutèm, san enterè ak 1,422,658 dola finansman akoutèm nan to mache a pou konstriksyon de pi pwodusyon ak yon imèb trètman dlo, ak enstalasyon apeprè 6,100 pye lineyè konduit dlo pou konekte etablisman trètman an ak sistèm distribisyon an.
- Otorite Minisipal Finansman Dlo Vil New York (New York City Municipal Water Finance Authority) - 150,000,000 dola finansman alontèm ki gen efè levye pou fè konsepsyon ak konstriksyon Izin Filtrasyon Dlo Croton an ak enstalasyon ki asosye yo.
- Vil Nyack nan Konte Rockland - 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou ranplase apeprè 13,000 pye lineyè konduit prensipal dlo.
- Distri Idwolik Oyster Bay nan Konte Nassau - 286,000 dola Sibvansyon Entèminisipal (Intermunicipal Grant, IMG)pou yon entèkoneksyon ant Distri Idwolik Oyster Bay ak Distri Idwolik Locust Valley.
- Distri Idwolik Greenlawn nan Konte Westchester - 3,200,000 sibvansyon IMG pou konstriksyon yon nouvo enstalasyon dezenfektan a reyon iltravyolè nan Estasyon Ponpaj Rye Lake la.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2023 Gouvènè Hochul la pwopoze plis pase mwatye milya dola nan envestisman dirèk nan inisyativ dlo pwòp, ki genyen ladan yo:

- 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo pwòp, k ap mete total envestisman Eta a nan dlo pwòp a 4.5 milya dola depi 2017
- 400 milyon dola -- yon nivo finansman rekò pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantal la (Environmental Protection Fund, EPF) -- pou sipòte pwojè enpòtan ki fonksyone pou diminye risk efè chanjman klimatik la,

amelyore resous agrikòl yo, pwoteje sous dlo yo, fè efò prezèvasyon yo avanse, epi bay opòtinite rekreyatif.

- 4 milya dola pou Lwa sou Obligasyon Anviwònmantal Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Vét la. Si elektè yo apwouve l sezon otòn sa, inisyativ istorik sa ap bay sipò Eta New York bezwen pou retabli abita anviwònman ki enpòtan yo; diminye risk inondasyon; konsève plis tè ak espas ouvè; pwoteje ak amelyore resous dlo nou yo; epi envesti nan pwojè rediksyon chanjman klimatik k ap diminye polisyon epi redui emisyon kabòn yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU